

FON SOULAJMAN POU RESTORAN HIGH ROAD KITCHENS POU COVID-19

Majistra Walsh te etabli Fon Soulajman Restoran High Road Kitchen pou COVID-19 la pou l travay ak pwopriyetè restoran yo pou kenbe oswa reanplwaye anplwaye yo oswa lòt anplwaye ki nan sèvis manje ki pèdi travay yo oswa ki p at ka jwenn travay akòz COVID-19 la.

Patnè yo:

Councillor Lydia Edwards

One Fair Wage

High Road Kitchens

Nouvo fon Biwo Devlopman Ekonomik Majistra (OED) kreye, administre a, **pral kòmanse aksepte aplikasyon 16 – 23 Novanm 2020.**

Detay sou Fon Soulajman Restoran High Road Kitchens pou COVID-19:

- Restoran kote moun chita ki ofri sèvis tab konplè nan Fon sa a pral ede 25 pwopriyetè ti bisnis (25 oswa mwens anplwaye) restoran lokal nan katye ki annapre yo:
 - Allston
 - Chinatown
 - Dorchester
 - East Boston
 - Egleston Square (JP/Rox)
 - Mattapan
 - Roxbury
- Biznis yo pral resevwa yon sibvansyon **\$15,000** pou yo itilize pou lwaye/ipotèk ak depans pewòl ki fèt ant 1ye Avril 2020 ak 31 Desanm 2020
- Restoran yo chwazi yo dwe peye One Fair Wage (\$12.75 pa lè) pou mwa Desanm lan. *Restoran yo chwazi yo pral kalifye pou yon sibvansyon siplemantè \$5,000 nan One Fair Wage yon fwa pwopriyetè yo ka demontre yo peye yo salè yo te konvni an.*

Kritè Aplikasyon:

- Restoran sèvis konplè ki bay sèvis tab nan katye Vil Boston ki annapre yo kalifye pou aplike:
 - Allston
 - Chinatown
 - Dorchester
 - East Boston
 - Egleston Square (JP/Rox)
 - Mattapan
 - Roxbury
- Pi piti pase ven senk (25) anplwaye, enkli pwopriyetè a;
- Anrejistre nan, an règ ak, epi ap fonksyone nan Vil Boston (eksepte chèn franchiz oswa antrepriz);
- Pwopriyetè bisnis yo dwe dakò pou yo patisipe, ak konfòme yo ak estanda One Fair Wage ak High Road Kitchens etabli yo;
- Dakò pou l konplete pwogram fòmasyon High Road Kitchens' Equity Toolkit nan espas nèf mwa apre li fin resevwa lajan sibvansyon an, yo dwe konplete premye pati a pandan peryòd sibvansyon an pou l ka kalifye pou yon sibvansyon siplemantè nan High Roads Kitchen; ak
- Angaje pou reyalize salè egal konplè pou anplwaye ki resevwa gratifikasyon ak sa yo ki pa resevwa gratifikasyon disi mwa Janvyè 2026.
- Pwopriyetè bisnis yo dwe anrejistre kòm yon vandè pou Vil Boston, avan pou yo aplike pou Fon sa a.

Pou aplike, [klike isit la](#)